Bhaibheri re vana
Rikukupai

Jesu Mudzidzisi Mukuru

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Alastair Paterson

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu
akanga ari mudzidzisi
mukuru. Vanhu vazhinji
vakamuteerera.

Jesu
akadzidzisa kuti vanhu
vanofanira kuva netsitsi,
uye vanofanira kuitira
vamwe zvakanaka.

Jesu akadzidzisa zvakawanda. Akadzidzisa kuti vanhu vaMwari vanoisa chiedza ...

... panzvimbo sezvinoita rambi kana raiswa munzvimbo ine rima!

Jesu akanga achitaura nevanhu vakanga vachitenda tsika yokutsiva vamwe.



Asi Jesu akadzidzisa ruregerero, uye kuda vanhu vose, kunyangwe vanotiitira zvakashata.



Vamwe vanhu
vakanyepera kuva
vakarurama.

Mushure mokunge
vabatsira varombo,
vakanga vachida kuti
munhu wose azive
zvavakanga vaita.

Jesu akati,
“Kana muchipa, itai
makavanzika kuti baba
venyu vari kudenga
vazokuropafadzai.”

Jesu akadzidzisa zvimwechete pamusoro pekunamata. Vamwe vanhu vainamata pakati peguta pakanga pakazara vanhu.

Vakanga vasina hanya naMwari asi vakanga vaine basa nokuti vanhu vaifungei pamusoro pavo.

Jesu akavati vanhu vakanga vasina kururama.

Rimwe zuva Jesu akadzidzisa achiti, ...

... “Baba venyu varikudenga vanopa shiri zvokudya. Imi regai kunetsekana. Mwari vanokupai zvokudya.”

Jesu akati, “Kunyangwe mutangamiri Soromoni akanga asina kupfeka zvakanaka semaruva ari panze.

Kana Mwari vachipa maruva zvokupfeka, vangatadza here kupa imi zvokupfeka?"

Jesu akanga achidzidzisa vanhu kuti vatende kuna Mwari uyo anotipa zvose zvatinoda.

Jesu akati, “Kana ukaona kutadza kweumwe munhu, zvakafanana nokuedza kubvisa kamuti muziso reumwe iwe uine danda muziso rako.”

Zvichida vanhu vakaseka,
asi vakafanira
kufunga kuti
Jesu akanga
achirevei.

Jesu akataurira vanhu kuti
vakumbire Mwari rubatsiro.
Baba vako vanokupa here
dombo kana
ukakumbira
chingwa?

Kwete! Vanopa zvipo zvakanaka. Kana Mwari anopa zvipo zvakanaka kune vose vanokumbira.

Jesu, mudzidzisi mukuru akarayira nokuda kwevadzidzisi venhema.

Akati, “Vanouya
vakapfeka nguwo
dzinenge dzehwai,
asi mukati makava!”

Akati vadzidzisi venhema vanozivikanwa nokuda kwe hupenyu hwavo.

Jesu akataurira vanhu kuti
kuteerera shoko raMwari
kwakafanana
nomunhu
anovaka imba
yake padombo.

Mhepo yakasimba yakauya asi
imba yakanga iri
padombo haina
kudonha.

Asi murume asina uchenjeri akavaka imba yake paivhu. Mhepo yakarova, imba iyi ichibva yadonha nokuti yakanga isina kusimba.



Jesu akati vanhu vasingatereri shoko raMwari vakaita seimba iyi.



Vanhu vakashamisika nemanzwi aJesu. Vakanga vasina kumbonzwa zvakadai.

Vakaziva kuti zvakanga zvisina kunaka kungonzwa shoko, asi vaifanira kuita zvarinotaura.

Jesu Mudzidzisi Mukuru

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 5-7, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16